namung mawi lampah sawatawis, samasa kula nglilir tilem kedah ngapalaken puji pangasihan. Saking gandrung kula dhateng tiyang estri saha kepingin kula sumerep dhateng isarat sarta saged mantranipun pangasihan, kula tempuh bayar seket rupiyah kenceng. kula lajeng dipun sukani lisah, punapa toya, warninipun ijem buthek dipun wadhani gendul alit. Welingipun kyai guru: Menawi kula badhe tilem kaliyan tiyang estri, toya isarat wau kapurih ngleletaken pajaleran kula. Sarehningremenan kula wonten griyaning remenanipun tiyang hartawan, mila kula mawi dipun sukani isarat malih, supados remenan kula wau purun kula undang, kula dipun purih kengkenan nyukani kinang sekenyeh. Kinang wau saking kyai guru ingkang sampun dipun mantrani. Kyai guru tanggel mesthi sumarinthil, namung supados remit, pakenipun kyai guru anggen kula kengkenan nyukakaken kinang wau, kakanthenana barang barang sakajeng kula, sinjang, badhe rasukan punapa lisah wangi 34

Kalampahan kyai, kinang kula kintunaken kanthi sinjang badhe rasukan sarta lisah wangi ngalih warni, Kengkenan kula weling supados sanjang dhateng remenan kula, me-

nawi purun kula welingaken sakedhap kula kangen.

Sayektos sanjangipun kengkenan kula dereng ngantos nginang malah saweg dipun tampani, lajeng breng pangkat menggihi kula. Hara takok samanten, istijabipun guna pangasihan punika, Enggaling cariyos kula nunggil tilem, welingipun kyai guru sadaya kula lampahi. Sanalika dereng katinggal dayanipun, sanes dinten remenan kula minggat dhateng panggenanipun remenanipun hartawan wau, kula kendelaken kemawon, ngiras angyektosi dayaning pangasihan sarta isarat wao, awit kulasampun wineling kyai guru, sanadyan dipun remenana tiyang sanes, mesthi nglepeh nacuruk ngupadosi kula malih. Mboten lidak, wonten penggenanipun remenanipun hartawan saweg kalih dinten kalih dalu minggat ngantuki kula. Eeh, batos kula: Istijab temenan isarate kyai guru 35

Sayektassipun mboten namung lare estri satunggal punika kemawon, kula cobakaken sanes-sanesipun inggih makaten sami tresna remen asih dhateng kula. Rehning toya sarat wau sakedhik sanget, dados sawulan sapisan kula nedha dhateng kyai guru malih. Kyai guru kadugi nyukani, nanging sagendul alit nedha waragad gangsal rupiyah. Inggih kula bayar, tiyang kula sumerep piyambak kadds makaten dayanipun, ta, mangga, kyai punika kados pundi,

– Wredha ; Allah tobat engger, punika mboten ilok sanget, sanget damel wijining sasakit ingkang angemar-emari, sampeyan dipun purih nglampahi sarta mawi mantra, punika kangge

pekencenging manah sampeyan, sadayaning manah manawi kaestri kenceng sayektos, sadaya ingkang sinedya dados mboten usah mawi barang bereng manawi tsantosa niyattipun kenging punapa mboten kadumugen, Isarat ses sarto lisah bondhet mboten tumut barang-barang, lisah punika rak lisah klentik cem-ceman sekar ses 36
mbok inggih sampeyan manah, temtu kemawon engger, tiyang estri menawi sampun mboten rikuh aben ajeng, sarta purun dinemok badanipun, mesthi purun dipun remeni, Makaten wau manawi ingkang aben ajeng saha anggepak sampun kawijen manah niyat angremeni, Dene isarat kinang sakenyeh, mesthi nyumarinthillaken engger, tiyang mawi panggalih sinjang badhe rasukan sarta lisah wangi ngalih arni, mbotena mawi kinang engger dipun sukani barang-barang purun nampeni mesthi sumarinthil. Punika sampeyan nama kapusan kangge dolanan kyai guru, engger, arta sampeyan mawut, ngelminipun mboten kangge babahan, mila engetta, mbenjing malih sampun tuwuh sedya sampeyan makaten punika, engger, kirang prayogi.

– Mudha : Bab toya isarat boreh pajaleran kadas pundi kyai, teka dereng dipun cariyossaken pisan,

– Wreda ; Inggih punika wau engger, kula cariyos mboten ilok sanget, saged nueuhaken sesakit ingkang 37
angemar-emari, toya isarat punika reginipun sanes kemawon mboten ngantos inggil punika: gagang-godhong senthe dipun tungkulaken latu ngantos benter, lajeng dipun

peres toyanipun kawadhahan gendul. Punika, engger, wujudipun toya isarat cespleng wau. Dene dayanipun gatel, menawi tumrap kulit ingkang kissisan mandi sanget, mila inggih numanaken wanodya ingkang kataman, margi menawi kataman priya ingkang tanpa isarat wau, mangka sampung nate kataman priya ingkang mawi sarat mesthi kemba, dening rumaos tanpa raos babar pisan mangga, ta, ngger, sampeyan manah, raas gatel dipun kukur, mesthi nikmatipun, nanging ngatos-atos punika wisa ageng.

– Mudha ; Punapa saged damel risak, kyai.

– Wredha : Damel risak sanget, mila poma : sampun ngantos wonten ingkang nglampahi malih, sapisan kapusan, dening sadaya ngelmi-ngelmi punika sarananing apus krama 38
Kaping kalih damel wijining sasakit ingkang nyelakaken umur..

– Mudha : We, ladalah, tujunipun kula namung sawatawis anua kados pundi.

– .Wredha : Sanadyan sawatawis inggih meksa nyelakaken umur.

– Mudha : Sasampunipun kados pundi, kyai. Memper umpami celaka umur kula, tiyang sajatossipun sapunika kula sampun kataman sasakit punika, ta, kyai, pating brintul pating krabing badan kula sekojur prasasat tanpa sela.

– Wredha : Punika jajaranning sipilis engger, ndherekaken sugeng samasa nilar jaman karameyan.

– Mudha : Sasampunipun kyai, namung mumpung dereng pejah kemawon kula badhe nglajengaken matur bab ngelmi sanesipun.

– Wredha : Inggih, engger, mangke rak dumugi perlu ingkang kangge pejah. Mangga kados pundi, punapa ingkang badhe sampeyan cariyos-saken malih 39

– Mudha : Taksih, babagan ngelmi mudha, kyai.

– Wredha : Punapa jaya kawijayan.

– Mudha : Inggih. Kula sampun nate maguru jaya kawijayan andilat wesi bang mangah-mangah mboten karaos benter, lampahipun pitung diten putung dalu, boten kenging keyuban wangon sasaged-saged pakeming guru ka-purih ngluyug, kula lampahi pitung dinten pitung dalu ngluyug mboten keyuban wangon, mudharing anggen kula nglampahi, kula angkah dinten malem Anggara Kasih. Tengah dalu kula winejang japa mantrani-pun wonten tengah latar, mangka wonten ndhusun pareden, asrepipun ngudubilahi, sasaji saha wilujengan mboten kantun, dupa wiwit sonten tansah kumukus sareng sampun, sami sanalika kula dipun teter, kyai guru ngrumiyini ndilat tosan ingkang kaobong wonten prapen amangah-mangah kados srengenge, lajeng kula gentos ngapal-laken mantra dilat leno, ayem kemawon karaos benter nanging namung sakedhik, ... 40 sareng kerep kula coba ndilatti tosan ba-karan wau, saya dangu saya mboten karaos benter babar pisan, kula enggal-enggalan me-nawi mentas ndilat ilat kula karaos benter kados menawi mentas ngombe wedang kebenteren punika. Sareng dangu-dangu inggih punika wau, menter kemawon, saya sampunika, sampun mboten karaos barang-barang babar pisan.

– Wreda : Engger, sumerepa, angger tiyang kemawon waton purun tatag manahipun mboten usah mawi nglampahi saha mantra mesthi mboten sakit, awit ilating manusa punika kinodrat gadhah daya angasrepaken benter, sapisan kaping kalih taksih karaos benter sawatawis, menawi sampun apal mboten karaos benter, punika sampeyan inggih kenging apus malih. Nanging ngatos-atos ngriksakaken raosing kenyam.

– Mudha : Inggih sampun kula narimah, mangka sayektossipun sadaya babagan ngelmi makaten punika sampun kula lampahi sadaya, waragad kula kathah sanget, ewadene namung angsal ngelmi apus-apusan . . . . . 41 utawi kenging kula wastani saweg lemissipun, makaten kemawon waragadipun sampun ewon, iba panjenengan punika, ngantos mirsa bebiyakanipun.

– Wredha : Ta, lakan inggih kathah sanget engger, anggen kula wiwit mungseng ngpadas kawruh makaten sapiturutipun ngantos dumugi ngelmi kasampurnaning pejah warni-warni punika, umur pitulas tahun, ngantos sapriki saweg kendel, margi lajeng sumerep biyakaning wawadosipun punika. Mesthinipun inggih mboten badhe ical, kenging kangge pangenget-tenget dhateng anak putu, sokur dadas satutulan dening ngakathah, sampun ngantos sami kalebeting gelaraipun guru apus, gadhaha arta sekedhik kalih kedhik prayogi kangge mbujeng kawruh nyata ingkang sampun gumelar.

– Mudha : Mesthinipun inggih makaten kyai, tiyang jaman kula panjenengan kala samanten

dereng kalebetan majeng, memper kemawon sami keblusuka dhateng kelaning guru apus, nanging saupami panjenengan dereng mirsa dhateng 42
biyakan wawadosipun ngelmi-ngelmi wau, mbok menawi bangsa kula taksih sami kalantur-lantur pitadossipun dhateng ngelmi pagorohan wau.

– Wredha : Mila mangga, engger, sampeyan lajengaken.

– Mudha : Inggih, sapunika kula badhe nyariyossaken ngelmi paldot, mboten tedhas tapak palùning pandhe sisaning gurinda, inggih punika ngelmi jaya kawijayan ingkang dados piyandelling para karaman ingkang sampun kalampahan ing tanah Jawi, Madura tuwin ing Bali sarta sanes-sanesipun.
Kula nate maguru, imbalannipun ngantos kalih atus rupiah, ingkang satus seket rupiah minangka panumbas kula ngelmi paldot wau, ingkang seket rupiah, imbalan anglampahi tapa ngluweng pitung dinten pitung dalu dhateng kyai guru, margi kula dipun tantun kapurih nglampahi piyambak rumaos wegah, dados dipun sanggi ing kyai guru.
Sasampunipun kyai guru mudhar saking tapa ngluweng, kula lajeng winejang dipun tetesi ngelmi paldhot wau 43
Pemejangipun kaleres dinten malem Anggara Kasih wonten gisiking benawi, sasaji tuwin wilujenganipun mboten kantun, sirikanipun menawi mlampah mboten kenging noleh, kenging nanging kedha minger sabadanipun pisan. Kyai guru anjedhi timah sawajan ageng, sewawah-semawahipun timah lajeng dipun celuppi tanganipun kyai

guru kalih pisah, wa, kula gumun sanget, lajeng kangge raup, sajakipun menter kewawon, kyai guru aken dhateng kula supados ngapalaken mantra, menawi sampun kapurih nyoba raup punika. Sayektos kula lampahi, tangan kalih pisan kula celuppaken, mboten karaos benter sakedhik-sakedhika, namung karaos manget-manget sawatawis, kula ngge raup barang inggih mboten karaos benter. Kados pundi gumun sarta piyandel kula, ngantos tanpa upami. Kyai guru cariyos dhateng kula, mimising sanjata punika ingkang kadamel timah, inggih timah kados ingkang dipun jedhi punika. Mangka jedhen timah umep mumpal-mumpal makaten kangge raup mboten barang-barang, mesthinipun mimising ..... 44 sanjata manawi dhumawah ing badan kula inggih mboten tumawa, malah luluh wangsul kados jinedhe.

Kula mboten mangsuli, namung tansah malenggong gumun sarta pitados sanget. Timah wau lajeng dipun asrepaken kaangkah balebekan kinten-kinten kandellipun sepalih jempol, sareng sampun asrep dipun gunting kapendhet sakedhik, agengipun sami arta benggol, dipun seratti aksara Arab, ingkang kangge nyerat dom bagor. Sareng sampun rampung dipun sukakaken kula kapurih anggembol, sanalika punika kula dipun coba badhe dipun sanjata, nanging kyai guru rumiyin, dene ingkang nyanjata kula, satemenipun manah kula dheg-dhegan sanget, inggih manawi mboten pejah, upami pejah masa wandeya kula ingkang binekungkung ing parentah, ewade-

ne nekad. Sareng sampun mapan, dhel, kula sanjata, megek kemawon, gotrinipun malah salong kenging dipun cathok, wadhuh, eram kula mboten kantenan. Gentos kula, manah kula rataban sanget, nanging mundur isin, mantra kula apalaken wongsal-wangsul ..... 45 saking ajrih kula, dhel, pyur manah kula, gotrinipun sami dhawah dhadha mboten karaos barang-barang, kaliyan dipun plintheng tikel sakit pinalintheng sanget, badhe-dheging manah kula saredi anakan, rumaos digdaya mboten tedhas tepak paluning pandhe sisaning gurenda, sampun malih sinuduk penedhang tinumbak sasaminipun yen ta tedhasa, mimis gorti menter malah luluh wangsul dados timbel, dumugi sapunika kula taksih digdaya, kyai, panjenengan coba kenging. Suwawi panjenengan dhawahi gegaman kula tadhahanipun.

– Wredana : Sampun kumenthus, engger, pasah punapa malih.

– Mudha : Lo, sampun ngina, kyai, kenging dipun nyatakaken.

– Wredha : Mboten, ta, sampeyan sareh rumiyin, wiwit sampeyan maguru punika sapriki punapa sampun nate kalampahan pinedhang mendat jinara menter bae dereng nte, sampeyan prasaja kemawon 46

– Mudha : Inggih, kyai, satemenipun dereng. Kados pundi kyai, bebiyakaning wawadosipun panjenengan pangandikaken.

– Wredha : Makaten engger, gadhogan timah punika wonten panawarripun, inggih punika talutuh

jarah, mboten usah tangannipun binalonyo, darijinipun kemawon dipun borehi kalomah lajeng dipun celuppaken gadhogan timah umub, mesthi mboten karaos benter, timah punika menawi sampun kenging utawi kecampuran talutuh jarak sekedhik kemawon warninipun sulak utawi lamuk biru utawi wungu, rak inggih, ta, engger, kala semantern sumerep punapa mboten.

– Mudha : Inggih kyai, sareng dipun celuppi tangannipun kyai guru warninipun lamuk wungu punapa biru, nanging anggening balonyo talutuh jarak tangannipun kyai guru, kula teka mboten sumerep, lah punapa saking griya sampun binalonyo 47

– Wredha : Inggih makaten, sampun griya sampun wiwit kabalonyo, mila menawi sampung kenging dayaning talutuh jarak sanadyan bayi dipun raupi jeboran timah mboten barang-barang, punika mboten saking dayaning ngelmi, ngelmi punika namung kangge piyandelling manah sampeyan kemawon.

– Mudha : Layak kula nyoba wonten griya ndremimil ngapalaken ngelminipun, sareng kula celupaken jingkat-jingkat dariji kula gosong, benteripun ngudubilahi, nanging kala semanten kula mboten wara-wara, margi isin, namung lajeng nundhes dhateng kyai guru, nanging jebul malah dipun srengeni kathah-kathah, cariyossipun kyai guru ingkang parlu prakawis dipun dhawahi gegaman dipun sanjata mboten pasah.

Wangsul punika namung isarat, ingkang saged namung gurunipun, murid dereng wajib saged dhateng coban-coban makaten wau, menawi dereng dipun lilani ing kyai guru, sarta kyai guru meling wanti-wanti

sampun pisan-pisan kula sesongaran .... 48 ngatingalaken kadigdayan, margi ngelmi jaya kawijayan punika menawi kangge sesongaran mesthi cabar saking karsaning Allah.

– Wredha : Bab dipun sanjata mboten pasah, sampeyan gumun sarta ngandel inggih, engger, sampeyan wastani dayaning mantra sarta jimat tuwin tedhassing tapa ngluweng, punika mboten.

– Mudha : Lah, kados pundi kyai.

– Wredha : Sanjata punika bantassing mimissipun mawi takeran, pitung dasa tindak punapa satus tindak, piyambak-piyambak niturut modhel-lipun ingkang sampun sumerep, terkadhang saged sumerep saking angka ingkang wonten ing sanjata nelakaken ablasing mimisipun, punapa malih guru sampeyan gadhah sanjata piyambak, sanadyan mboten sumerep angka ingkang wonten sanjata ngriku, mesthinipun taken dhateng ingkang sade, dene caranipun saupami sanjata palajenging mimisipun satus tindak, dipun langkungi sadasa tindak tebihipun kemawon sampun aber, kenginga inggih mboten sakit ..... 49, menawi ingkang kendel sarta kulina kados guru sampeyan takeran satus dinten dipun langkungi gangsal kemawon purun, terkadhang malah saged nyathok gotri utawi mimissipun, nanging kala semanten rak dereng modhel sanjata repetri. Kajawi makaten kyai guru masa purunna dipun sanjata celak-celakan ingkang kirang saking petanging pelajengipun mimis.

– Mudha : Dados makaten kyai.

– Wredha : Inggih makaten, mila kala wau kula sampun carios, sadaya ngelmi jawi punika namung ngelmi apus saking memeting tarekah, tiyang jawi ṛemennipun ingkang aneh-aneh, dakik-dakik angometaken uteg, mila pangajeng-ajeng kula, para lare sarta tiyang punapa dene anak putu, sampun ngantos anglampahi kangge dolanan binalithuk ngelmi apus ingkang ngemar-emari manah, kados ingkang sampun kula lampahi, aluwung mesuwa kawruh nyata ingkang manpangatti kangge sangu gesang, prayogi. Wontennipun karaman-karaman punika, rak inggih saking piyandellipun dhateng ngelmi jaya kawijayan ..... 50 ingkang sampeyan cariyossaken punika, ta, engger, kalanipun para murid sumerep teterring kadigdayannipun kyai guru, sarta awakipun piyambak dipun coba dening kyai guru ingguh digdaya, sami mbadhedheg rumaos mboten wegah dhateng mimis, nanging kados pundi, sareng binrondong ing mimis inggih sirna utamangganipun, sababipun punapa para bangsa kula ngantos kalampahan madeg karaman, saking anggenipun sami dereng sumerep biyakan wewadosipun ngelmi jaya kawijayan sapanunggilanipun wau, margi salami-laminipun dereng wonten para sarjana ingkang kersa nglugakaken cariyos sinebar ing kathah, watak jawi eman-eman kangge piyambak kemawon kajengipun kondhang sinebat lelananging jagad, mboten manah kasangsaya-sinangsasayaning bangsanipun ingkang tansah asor, margi taksih wradin sami nganggèp utami-

ning utami punika tiyang ingkang gadhah kawruh ngelmi-ngelmi apus wau. Ngantos sapriki bangsa jawi taksih kathah ingkang geget dhateng kawruh wau nglepeh dhateng kawruh nyata.

– Mudha : Menawi makaten jimat kula punika kula bucal kemawon, ...51 tiyang tanpa damel, arta kalih atus rupiyah sirna ingapusan guru apus, rahayunipun kula dereng ngantos dipun sanjata kadhawahan gegaman anuwa kecalanarta kalih atus rupiyah tambah nyawa.

– Wredha : Inggih, punika wau, engger, wlinging kyai guru dhateng sampeyan awanti-wanti, mboten suka sesongaran margi ngelmi jaya kawijayan menawi kangge sesongaran badhe cabar saking karsaning Allah. Sumerepa, engger punika politik, awit menawi sampeyan nyongaraken kadigdayan mboten wande kalampahan cinoba ing tiyang sampeyan mesthi pejah kadadak, kyai guru ajrih mbok bilih kawuningan parentah menawi wiwitting pepejah saking ngandelipun dhateng wulangipun, tentu tampi pidana. Dene menawi wilujeng mboten konangan nagari, inggih begja, nanging sampun damel jinjanipun para murid sanesipun, sarta mejahaken tedha. Punika, engger, ingkang dipun kawekani. Dene menawi sampeyan mboten sesongaran, mesthi katah wilujengipun, kyai guru salami-lami . . . . . 52 nipun, taksih ganda arum angambar, wilujeng lestantun tedahanipun, taksih ganda arum angambar, wilujeng guru sampeyan wau.

– Mudha : Wah, wah samanten alusipun politikipun kyai guru, kula mboten andungkap babar pisan.

Hem, nuwun sanget kyai, kula panjenengan padhangaken, dados aosipun kemawon sakathahing ngelmi jaya kawijayan sapanunggilpun, punika dora sadaya. Menawi makaten pamrihipun punapa, punapa namung kangge balithuk ngirup arta.

– Wredha : Pancen inggih namung kangge sarana ngirup arta kemawon seksinipun mursid menawi ngelmi-ngelmi wau ujar pangorohan sadaya, salami-laminipun mboten wonten guru ngelmi jawi jaya kawijayan sasaminipun saged lulus kondhang, dangu-dangunipun gangsal taun mesthi sampun aber mantun kondhang, margi dangu-dangu salah satunggalling kawruhipun pangorohan wau wonten ingkang kawiyak wewadossipun, ... 52 utawi dangu-dangu salah satunggalling muridipun wonten ingkang keteter kawruhipun malendo, satemah mboten pinitados ing tetiyang, kyai guru kantun malenggong mboten angsal tedha saking kawruhipun apus-apusan wau.

Pangraos kula, cariyos kula bebiyakaning wewadossipun ngelmi-ngelmi ingkang kacariyos ing nginggil punika, kados sampun cekap kangge peiridan ambiyak wewadossing ngelmi-ngelmi sanes-sanesipun, menawi engger pancen lantipan manah, dipun gelarana gelarring kawruh ingkang anggegirisi babaganning ngelmi-ngelmi wau, saestu mboten badhe kapiluyu, dening saged anenimbang kapiridaken kaliyan cariyos kala wau.

– Mudha : Inggih, kyai, pangraos kula inggih sampun anyekapi sanget kangge piridan ambiyak wewadossing kawruh babagan punika tuwin sanes-sanesipun.
Margi cariyos ing nginggil punika sampun kalebet kawruh pagorohan ingkang angel piyambak-piyambakaning wewadossipun. Sarehning ngelmi jaya kawijayan sampanung-gillanipun 54
sampun kula cariyosaken biyakanipun wewa-dossipun, punapa kepareng kula badhe nyariyosaken ngelmi kasampurnaning pejah sawatawis ingkang prayogi kangge pepiridan.

– Wredha : Prayogi, engger, mendet saperlunipun ke-mawon, ingkang kenging kangge pepiridan, tiyang pangangkah kula pancen ingkang ngretossaken lare, supados sumerep bilih ngelmi-ngelmi wau mboten migunani ing ngagesang. Mangga, engger, sampeyan cari-yossaken saperlunipun.

– Mudha : Sasampunipun anggen kula ngluyung ngu-pados kawruh-kawruh ingkang sampun kula cariyossaken sarta sanes-sanessipun kelebet ingkang remeh-remeh. Sampun sami kaca-thet ing dalem batos, kula kepingin sanget sumerep dhateng ngelmi kasampurnaning pejah, kalampahan sampun pinten-pinten guru kasampurnan kula lebetti, wulangani-pun warni-warni, saya caranipun sadaya sami ngangkah ngengel-engel 55
nalar, uteg kula ngantos komet, memper upami tiyang ingkang kirang pambudi dipun ubat-ubetaken kados kula kalampahan ewah adattipun, dening kasanggetten anggetten anggenning ngengel-engel ngantos ngometa-

ken panon, sarehning kula rumaos dereng marem, Pangupados kula seserepan wau taksih tansah mungseng mboten kendhat-kendhat, wusana kula mireng bilih wonten guru kasampurnan saged angicipaken pejah. Kados punapa kemawon kepingin kula. Kalampahan kula dipun sumereppaken ing jaman pejah. Caranipun kyai guru wonten ing nglebet senthong peteng ndhedhet tanpa dilah. Ing senthong kapasang gelaran bangka dipun lemeki mori pethak pitung kacu kalempit-lempit sawiyarring kalasa bangka. Sarehning ingkang maguru mboten namung kula piyambak, kathah sesarengannipun, mila ingkang kawukang gentosan majeng satunggal-satunggal, dene kula dhawah angka tiga. Kala kanca kula angka satunggal saha kalih melebet gentosan dhateng senthong, manah kula dheg-dhegan sanget gek badhe dipun punapakaken . . . 56 mangke tarekahipun, margi pundi ingkang medal saking senthong, pratingkahipun sajak angandhut ajrih, malenggong kendel kemawon, sarta sajak ajrih utawi gumun mentas sumerep wewarnen elok ingkang ngajrih-ngajrihi. Wah kalanipun wonten ing nglebet suwaranipun kyai guru gumrenggeng dermimil muji, salebetting griya sidhem mboten wonten sabarang-barang, menawi kagagas saestu mengkirigaken githok, sareng kanca kula wau rampung pamejangipun, gentos kula dipun undang kyai guru saking senthong, suwaranipun gumrenggeng ageng alamat-lamat, dereng ngantos dumugi senthong kemawon badan kula sampun anjlikut andharedheg wel-welan, bleng, kula mlebet

ing nglebet senthong kajawi peteng tanpa dilah, ambet kebak kebulling dupa angendanu, kula ngantos rumaos keplepegan, kula dipun purih linggih mapan wonten kalasa bangka linemekan ing mori pethak, patrapipun amengkeraken kyai guru, lajeng eieit dipun mantrani panjang mboten pedhotpedhot, kaliyan mijeti angelus-elus githok kula 57
sareng pamijettipun dumugi iringing jangga kula kiwa tengen, pandulu kula wiwit repet peteng, pet-pet, pet blas, bablas kula mboten enget barang-barang, duka sampeyan sapinten dangunipun anggen kula mboten enget, sumerep-sumerep kula sampun ngalihi mireng uluk salamipun kyai guru : Salam ngalaikum, kula wangsuli kaliyan tileman suwara geter labet saking ajirh kula : Ngalaikum salam, kula lajeng kruget-kruget linggih, kyai guru cariyos : Inggih punika, engger wujudipun ing jaman pejah. Kula mboten saged mangsuli punapa-punapa, namung sarwa inggih, margi karoban ajrih sarta pitadis sanget, dene pangraos kula kalampun mboten enget, punika inggih sampun mboten enget barang-barang, dipun umpamekni kados tilem kepati, sanes kados tilem nuju ngimpi, saya nyamut-nyamut celakipun kemawon mboten wonten ingkang kangge pepindhan, dipun dhedheploka badan saestu mboten karaos, kula lajeng medal gentos sarengan kula urut ngantos saramungipun 58
lajeng bibaran. Sanes dinten kula dhateng griyanipun kyai guru, perlunipun taken bab wau ingkang perlu kula takekaken. Ing

griku dumadakan kyai guru nuju lega manah-ipun, purun nyukani sumerep wawantahan ngicipaken pejah dhateng rencangipun.
Sareng sampun kaleset pejah, kula dipun purih nyepeng badanipun sakojur, cepengannipun njekut kados mayit balaka, rainipun pucet tanpa erah, napassipun ical babar pisan, cekakipun inggih pejah lugu dados mayit, wah, nggegirisi sayektos kawruhipun kyai guru, kinten-kinten saprapat jam, malah meh satengah jam kirang sakedhik, tiyang ingkang kaicipaken pejah wau bun-bunanipun dipun sebul saha dipun mantrani ing kyai guru, napassipun lajeng nyuwara medal ing ngirung, senggrok, kados menda dipun beleh.
Kyai guru uluk salam, tiyang wau karuget-karuget ebah, kyai guru tansah uluk salam ambal-amballan, lajeng garegah tangi, wilujeng wangsul gesang malih 59
Makaten kyai, panggagas saha gumun ngantos tampa pepindhan ngantos gadhah cipta ing ndonya saestu mboten wonten tiyang ingkang kados kyai guru punika.
Punapa wonten kyai tiyang saged ngicipaken pejah ingkang pejah sayektos kados cariyos kula punika, panginten kula mboten wonten.

– Wredha : Punapa inggih, ta, engger, ing ndonya namung tiyang satunggal punika ingkang saged ngicipaken pejah.

– Mudha : Mesthi namung satunggil punika, kyai, kajawi Gusti Allah.

– Wredha : Tandhingipun guru sampeyan punika dados namung Gusti Allah, saupami mboten Gusti Allah, tiyang wonten ingkang saged

angicipaken pejah. Nanging saes guru sampeyan, punapa inggih sampeyan anggep kados Gusti Allah.

– Mudha : Inggih, kula anggep Gusti Allah, mboten namung kados kemawon, nalarripun menawi mboten apes kepanjingan utusaning Allah, punapa saged amejahi tiyang .... 60 saha mangsullaken malih.

– Wredha : Ta, Allah, engger, tujunipun sampeyan saged rembagan kaliyan kula, anuwa rak kalajeng-lajeng pitados sampeyan dhateng pakarti ingkang anyelakaken umur.

– Mudha : Lho, pakarti gorohan ingkang saged nyelakaken umur kados pundi, kyai, punapa panjenengan maiben dhateng kula.

– Wredho : Mboten maiben, ngandel sanget engger.

– Mudha : Lah, inggih, kados pundi panggalih panjenengan.

– Wredha : Sampun garenjengan ta, engger, sampeyan sarehaken manah sampeyan, kula cariyossi wantahipun ingkang tanpa warana. Sayektosipun ngicipaken pejah punika, kula undhagi sanget, punika dolanan kula, engger, kala rare, kula angge sasongaran, saben tiyang ingkang purun kula icipaken pejah, klesat, kleset kemawon, nanging sareng pun ngretosi bilih pakarti ngicipaken pejah makaten punika kajawi saged damel ewahing lampahipun erah, ... 61 ugi anyelakaken umur, mila sapunika kapok mboten nate kula tindakaken.

– Mudha : Kados pundi teka mawi saged nyelakaken umur barang, punapa inggih kyai.

– Wredha : Sabar, engger, sampeyan mirengaken rumiyin cariyos kula ingkang tanpa wewados babar pisan punika.

– Mudha : Inggih kyai, monggo kados pundi.

– Wredha : Ngicipaken pejah, punika kalebet pakarti gampil sanget, menawi engger sampun kula cariyosi patrapipun mesthi saged, nanging janji purun, mekaten engger, guluning tiyang ageng alit sepuh enem, punika iringipun kiwa tengen sami wonten ottotipun ageng satunggal sisih ganceng manginggil inggih punika urung-urung erah, menawi otot ageng kiwa tengening gulu wau dipun pijet ing dariji sawatawis seru, mesthi kempes ambuntoni lampahing erah, uger lampah-ing. erah mandheg mesthi kukut pejah. Dene pamijettipun wau samasa tiyangipun sampun . . . . . 62 anggeliyer lajeng kaecullaken, tiyang wau mesthi mboten enget sumelahing dhadhanipun ingkang mijet, lajeng katilemna panggenan sacelakkipun ngriku, ingkang sampun kalampahan dangu-dangunipun seprapat jam mesthi sampun wangsul gesang malih, nanging menawimboten kaebah-ebahsaha mboten mireng swara punapa-punapa adattipun kalajeng tilem, dene wontenipun saged gesang malih, margi erah ingkang kabendung wau sareng sampung mambeg luber, utawi iesaking urung-urung ingkang mentas dipun pijet sampun wangsul malih, saking kededel rasaning lampahipun erah ingkang mentas mambeg, gesang pulih kadosing uni-nguni.

– Mudha : O, dados makaten kyai.

– Wredha : Inggih, engger.

– Mudha : Ingkang panjenengan cariyossaken saged damel ewahipun lampahing erah, sarta ugi saged nyelakaken umur, punika ingkang pundi, kyai.

– Wredha : Pancenipun engger sampun mboten usah taken, tiyang sampun gerah makaten.

– Mudha : Sampun genah, ingkang pundi, ta, kyai
. 63

– Wredha : Ambendung lampahipun erah, punika menawi kekerepen dadosaken ewahipun lampahing erah. Mangka lampahipun erah punika tetalining gesang, saka mandheg inggih pejah, menawi ngantos ewah lampahipun punapa mboten murugaken enggal mandheg makaten engger.

Mangga, punika punapa dede pakarti angemar-emari. Mila prayogi sinirik, sampun ngantos wonten ingkang kepengin dipun icipaken pejah, punika dede barang-barang, engetna bilih mboten wonten paedahipun babar pisan tur anyelakaken umur.

– Mudha : Sok makatena rerangkenaning patrappipun kyai guru mawi dedupa sesaji sapirantosipun sarta mawi puji mantra andermimil uluk salam wanti-wanti, punapa dene sajak dipun wingit-wingitaken pasemonnipun, punika namung kangge garan supados katingal anggegirisi, sami kemawon kados rerekanipun guru jaya kawijayan ingkang kula . . 64
cariyossaken nginggil wau, punapa makaten kyai.

– Wredha : Inggih makaten engger, punika namung kangge ngantepaken piyandel, katingalla peng-pengan, supados ginega ing tiyang. Tiyang satemenipun kemawon menawi mbo-

ten mawi rerenggan patrap makaten, bangsa jawi mboten ajeng, inggih punapa mboten engger.

– Mudha : Inggih, kyai, satemennipun inggih makaten.

– Wredha : Punapa namung makaten kemawon engger.

– Mudha : Mboten kyai, taksih wonten lajengipun.

– Wredha : Hara, mangga, kados pundi lajengipun.

– Mudha : Sayektossipun kala semanten sasampunipun kula dipun icipaken pejah, rinten dalu kula tansah gubel kyai guru bab ngelmi ksampurnaning pejah. Awit dipun icipaken pejah punika, penampi kula namung dipun sumerepaken ing jaman pejah, menggah ngelminipun dereng. Dangu-dangu kyai guru mulung saking sakedhik, waunipun ingkang dipun cariyossaken kula ngelmi kesampurnan kados ingkang sampun kalebet .. 65 ing dalem serat wirid, nanging kula dereng marem, dening kula manah mboten kepanggih ing nalarripun. Wusana sareng kula sampun ketitik mantep, kyai guru dhangan ing manah kanthi ekhlas suka pitedah, sajatossipun ngelmi kasampurnaning pejah. Inggih punika kula pendhet wossipun kemawon : tiyang sakarat badhe pejah punika mesthi sampun mboten mawi sumerep caya macahya abang biru barang kados limrahing ngelmi kasampurnan ingkang kawulangaken para guru saha ingkang kasebut ing dalem serat-serat wirid, wontennipun namung peteng ndhedhet lelimengan, sokka sampun peteng pandulunipun, ing ngriku jajaranning pejah, dene wujuddipun ing jaman pejah saking cariyossipun kyai guru ing dalem ndonya

tanpa pepindhan, sreg manah kula, kyai, rumaos badhe mboten ngaping kalih damel, cocok punapa mboten kyai, penggalih panjenengan.

– Wredha : Inggih, ta, engger, cocok utawi mboten kula mboten saged cariyos, namung sayektossipun sadaya ngelmi kasampurnaning pejah, punika dipun ubet-ubetaken kados punapa kemawon kajengipun sami, nanging ugi kalebet dhateng babaganing ujar pangorohan, dene dhorengipun makaten : sadaya warni-warni-ning ngelmi akasampurnaning pejah, punika parlunipun sami memurun pejah, margi tiyang punika mesthi pejah, mboten perlu dipun ajrihi menawi sampun takdiripun, mila ingkang perlu sanget dipun smuerepaken tandhaning badhe pejah. Wonten ingkang cariyos pindha kadhaton kancana, sawenehipun cariyos ing dalem donya mboten wonten pepindhanipun, sarta mawi wineling wanti-wanti, samasa sampun sumerep cetha dhateng tandha bilih genah badhe pejah, kedah lajeng mapan namakaken gegaman ingkang ngenggalaken umur, sampun taken dosa, mesthi badhe wonten malaekat utussaning Allah nyiksa badanipun, makaten punika sadaya wossipun.

BAB III
TERJEMAHAN

PEMBUKAAN

Sudah lama saya berfikir sebab hingga sekarang belum ada sarjana yang bersedia mengungkapkan ilmu kekebalan, ilmu kesaktian dan sejenisnya serta mengungkapkan ilmu kesempurnaan ilmu tersebut perlu sekali disebab luaskan kepada masyarakat. Maka walaupun saya bukan seorang sarjana terpaksa memberanikan diri menguraikan serta menjelaskan ilmu tersebut di atas.

Masalah ilmu kekebalan maupun ilmu pengasihan dan sejenisnya biasanya sering dicari oleh generasi muda yang sedang di mabuk asmara serta mempunyai keyakinan bahwa ilmu tersebut dapat digunakan untuk memikat hati wanita.

Jikalau pemuda tadi sudah sampai pada saatnya atau sudah menginjak umur 20 tahun biasanya tertarik sekali terhadap ilmu kekebalan bubuh yaitu semacam ilmu kesaktian yang menyebabkan tak terkalahkan oleh musuh sakti yang mengingkari janji.

Jikalau sudah menginjak akhir dewasa yaitu berumur 30 tahun ke atas biasanya mencari ilmu kesempurnaan orang meninggal 6
Tidak mengetahui bahwa semua ilmu yang dicari tadi sebenarnya ilmu yang bidak dapat memberi manfaat sama sekali, sebab

jika kurang hati-hati atau lengah akan menyebabkan badan menjadi rusak serta bisa juga meninggal dengan mendadak/tiba-tiba akibat keyakinan hati terhadap ilmu yang tidak ada manfaatnya tadi. Padahal semua ilmu tadi dicari dengan uang yang cukup mahal.

Apakah tidak lebih baik uang tersebut digunakan untuk biaya mencari atau menuntut ilmu sejati dan benar-benar dapat memberikan manfaat, sebenarnya semua itu sudah terbentang luas di dunia.

Oleh sebab itu saya berharap agar cerita "Wredha-Mudha" ini benar benar dapat diresapi dan jangan sampai terlanjur percaya terhadap pengetahuan yang tidak ada manfaatnya.

Surakarta tanggal. 1 bulan Sapar tahun 1912 atau tanggal 21 Januari 1912

Raden Ngabei Jayamardasa.

Wredha : "Hai Ki sanak bagaimana kabarnya ?

Mudha : "Berkat doa bapak kami selamat"

Wredha : "Sudah cukup lama kamu tidak kemari, apakah sedang punya kerja ?"

Mudha : "Saya sedang ada keperluan yaitu mencari pengalaman dan berkat do'a bapak usaha kami sudah berhasil tetapi hati saya belum mantap, oleh sebab itu kami segera menghadap Bapak.

Terus terang saya hendak mohon agar bapak bersedia mengajarkan kepada saya tentang ilmu kekebalan tubuh (Jawa = Jaya Kawijayan), berhubung saya masih muda mungkin kalau ada manfaatnya serta sebagai beteng untuk jaga diri. Walaupun zaman sudah aman namun setelah saya pikir bahwa membentengi badan itu juga penting".

Wredha : "Pada dasarnya memang demikian dan saya tidak keberatan mengajarkan ilmu kekebalan kepada kamu, jangan kan masalah pengetahuan yang tiada berguna, yang penting-pentingpun 8
saya sanggup mengajarkan dengan ikhlas hati.
Sebenarnya ilmu kekebalan tubuh dan sejenisnya itu hanya karena halusnya perbuatan, juga bisa dinamakan ilmu yang sifatnya sementara. Kebetulan sekali ki sanak bertanya masalah itu, sebab memang sudah lama saya berusaha menyebarkan pengetahuan semacam itu agar menjadi peringatan bahwa di zaman sekarang ini masih banyak generasi muda yang percaya terhadap ilmu-ilmu Jawa yang sebenarnya hanya dipakai sebagai alat untuk mencari uang.
Dinamakan ilmu kesaktian atau intinya segala ilmu. Padahal semua tadi hanyalah ilmu yang tidak ada faedahnya dan ini pendapat saya, jika kalian berpendapat lain terserah.
Kalau kamu benar-benar sudah mantab maka tidak perlu memilih hari Jum'at atau selasa Kliwon bahkan sekarangpun bisa saya mulai. Oleh sebab itu kau perhatikan hendak saya ajarkan ilmu-ilmu yang ringan terlebih dahulu, tetapi sebaiknya saya bertanya kepada kamu apakah sudah pernah memasang ilmu untuk memikat wanita atau ilmu kekebalan tubuh?"

Mudha : "Sudah bapak, yaitu ilmu untuk memikat wanita".

Wredha : "Bentuknya seperti apa dan bagaimana caranya ?" 9

Mudha : "Adapun susuk tersebut berupa berlian serta permata merah besarnya seperti biji padi serta emas sebanyak tiga biji, bentuknya seperti jarum

besarnya seperti jarum kecil, adapun panjangnya sepanjang jarum. Sedangkan caranya memasang harus memilih malam Jum'at sesajinya daun sirih, pisang ayu serta bunga setaman. Selamatannya nasi uduk, masakan ayam seperti selamatan untuk Nabi Muhammad. Pakai kemenyan. Sejak sore hari tidak boleh istirahat. Tengah malam saya bersama Kyainya serta dua pengawal, adapun sebagai saksi yaitu seperti nasehat penghulu ketika mengawinkan. Semua keluar di halaman rumah depan, sebab menurut cerita dari guru saya untuk memasang susuk itu tidak boleh berada ditempat yang beratap. Di tengah halaman rumah depan saya duduk di atas tikar dilapisi kain putih sebesar 3 (tiga) sapu tangan, sesaji di keluarkan semua dan ditaruh di sebelah kanan kiri tempat saya duduk. Berlian yang hendak digunakan untuk susuk, sejak sore hari sudah di bungkus dengan kapuk direndam pada air setaman. Sewaktu membungkus berlian tadi tidak diperlihatkan 10
kepada saya.

Sesudah siap duduk berhadap-hadapan dengan sang guru kemudian bungkusan berlian yang direndam dalam air setaman tadi diambil dan diletakkan di atas telapak tangan kiri saya serta tangan disuruh mengacungkan di hadapan guru, beberapa saat kemudian dibacakan mantera dengan komat-kamit akhirnya di suruh menciuim sekuat tenaga.

Hampir pingsan rasanya sewaktu saya mencium, berdiri bulu romaku, hidung terasa seperti tertusuk jarum sehingga saya menangis karena hampir satu hari sakitnya belum hilang. Kapuk bekas bungkusan tadi diberikan saya agar disimpan dengan baik dan jangan sampai terlompati.

Seketika itu saya lihat berlian, permata merah serta emas sudah lenyap tidak ada, kemungkinan saat saya hendak pingsan tadi berlian dan sebagainya sudah masuk, karena kekuatan mantera sang guru.

Menurut cerita sang guru, susuk tadi yang paling baik berada pada otak sebab bisa merata di seluruh anggota badan. Sepulang dari menusukkan susuk setelah sampai di rumah saya cepat-cepat bercermin dan saya merasa bertambah bagus serta gagah perkasa, ... 11

Setiap pagi dan sore saya selalu berhiasa bahkan bersabun saja tidak hanya sekali, kadang-kadang tiga kali, empat kali hingga berbusa, menurut perasaan saya semakin lama kekuatan susuk tadi semakin mujarap, wajah saya semakin bagus dan gagah perkasa, banyak para wanita tergila-gila kepadaku. Demikian hasil susuk yang telah saya pasang selama ini.

Wredha : "Ki sanak, mestinya ibumu juga percaya sekali terhadap ilmu tersebut".

Mudha : "Benar pak, Ibuku sangat percaya sebab ada buktinya serta berlian dan sebagainya tadi dapat masuk di tubuh".

Wredha : "Ketahuilah ki sanak bahwa kamu itu sebenarnya tertibpu. Memang benar sewaktu membungkus berlian kamu menyaksikan sendiri tetapi setelah pengambilannya dari air setaman kemudian diletakkan di atas telapak tanganmu saat itu sebetulnya sudah diganti dengan kapuk persis bungkusan berlian tadi, yang sudah dibuat sebelumnya. Adapun maksudnya direndam pada air setaman selain memantapkan keyakinan, dan yang 12
lebih penting lagi agar basah serta berbau harum

sebab kapuk kosong tadi saat keluar dari rumah secara rahasia dengan jalan di taruh pada botol kecil keluaran dari apotek, kelihatannya memang benar-benar mengherankan ki sanak.
Makanya setelah kamu membuka kapuk barang tersebut sudah tidak ada sebab kapuk yang berisi berlian sudah masuk di kantong. Ketahuilah Ki sanak, bahwa semua itu hanyalah tipuan belaka."

Mudha : "Apakah benar bahwa semua tadi hanyalah tipuan belaka. Jika benar demikian, bagaimana caranya menukar, padahal pengambilan barang dari air setaman itu saya juga menyaksikan sendiri, kalau begitu apakah sewaktu menaruh di telapak tangan barang tersebut sudah diganti".

Wreda : "Kalian sangat bodoh ki sanak itu, hal yang mudah, saya kira besarnya kapuk tersebut disepit dengan jari saja sudah nyaris tidak kelihatan, walaupun kamu memandang tiada berkedip pasti tidak dapat melihat, paling hanya samar-samar karena tanpa menggunakan penerangan lampu, di samping itu karena juga terpengaruh oleh keyakinanmu sendiri 13
Mestinya saat itu Ki sanak juga percaya sekali hal itu, maka baru sekarang masalah ini saya beritahukan kepada kalian".

Mudha : "Masalah itu saya sudah percaya. Sekarang kembali kepada masalah pengaruhnya dengan kebagusan, ternyata ada peningkatan, bagaimana kaitannya dengan masalah ini".

Wredha : "Semakin bodoh kamu itu.
Ketahuilah olehmu bahwa semua tadi disebabkan karena, pertama dari kekuatan keyakinan;

kedua kalinya kamu semakin rajin bersolek maka sudah sewajarnya kamu bertambah bagus dan gagah perkasa sehingga para wanita banyak yang tergila-gila, di samping itu di dalam hatimu meng harapkan sekali agar dicintai wanita. Sekarang kamu sudah mengerti atau belum tentang permasalahan tersebut."

Mudha : "Jika demikian berarti saya termasuk orang yang sial, sudah kehilangan uang 25 reyal serta perhiasan berupa berlian, intan permata serta emas, padahal semua tadi seharga 30 reyal, tidak mendapatkan hasil apa-apa, sebenarnya kami bermaksud mencari ketenangan hati namun akhirnya menjadi celaka".

Wredha : "Semuatadi disebabkan kurangnya pengalaman dan memang belum ..... 14 mengetahui ilmunya serta selama ini belum ada sarjana yang bersedia mengungkapkan ilmu kekebalan dan sejenisnya. Oleh sebab itu cerita saya ini hendaklah kamu perhatikan dengan baik dan jika sudah terlaksana agar disebar luaskan sehingga dapat diketahui orang banyak serta dapat menjadi petunjuk hidup orang Jawa, jangan sampai terlanjur tertutup hatinya. Syukur dapat menjadi buku bacaan bagi anak-anak sekolah, hal itu akan memberi manfaat yang banyak sebab setelah menginjak dewasa akan terhindar dari perdukunan".

Mudha : "Jika demikian saja juga setuju dan saya berusaha hendak membukukan tetapi lebih jelasnya saya akan melanjutkan permasalahan susuk terlebih dahulu dan jangan hanya mempertahankan pendapatnya sendiri dan saya hendak menyaring pendapat bapak".

Wredha : "Bukan demikian ki sanak, jika kalian hendak menyaring pendapatku, itu lebih baik dan saya juga senang. Cobalah ungkapkan permasalahanmu".

Mudha : "Di atas bapak telah menjelaskan tentang rahasianya susuk, pelaksanaannya ..... 15 seperti yang sudah saya katakan tadi dan saya sudah mantap. Sekarang yang saya permasalahkan adalah susuk yang dapat berjalan pada daging kelihatan jelas sekali bahkan saya sendiri sudah pernah melaksanakan bagaimana kaitannya dengan hal itu".

Wredha : "Hal itu juga tipuan belaka, tetapi lebih jelasnya coba kamu ceritakan terlebih dahulu."

Mudha : "Baiklah bapak, masalah persediaan sesaji saya kira sama seperti yang disebutkan di atas. Caranya yaitu juga duduk di halaman rumah depan tetapi cara memberikan ilmu kekebalan berbeda, masuknya melalui telapak tangan dengan membaca mantra-mantra dan berlian tidak dibungkus dengan kapuk. Tangan kiri disuruh mengacungkan kemudian diberi mantera, berlian yang berada di telapak tangan disuruh menggenggam sekuat tenaga. Sebenarnya susuk tersebut dapat ditempatkan pada seluruh anggota tubuh yaitu bisa di bibir, di mata dan sebagainya sesuai dengan keinginan. Saat itu berliannya hanya satu seharga 20 reyal dan kami menghendaki agar dipasang pada bibir kanan atas. 16
Dari telapak tangan didorong menuju jari-jari hingga kelengan, sesampainya di lengan kemudian dilepaskan, tampak jelas sekali perjalanannya naik, sampai di wajah kemudian dilepaskan, tampak jelas sekali perjalanannya naik, sampai

di wajah kemudian di tempatkan pada bibir sehingga bibir saya menjadi tebal dan terasa berat. Guru saya berpesan: jika selama satu hari satu malam bibir masih terasa tebal agar dibiarkan saja dan jangan sampai di pegang agar tidak berpindah-pindah tempat serta saya tidak diperbolehkan khawatir walaupun terasa merayap sudah pasti berada di bibir sebab susuk tersebut selalu mengikuti mantera-mantera sang guru.
Pesan sang guru tersebut memang benar dan ternyata sehari semalam masih terasa merayap ke seluruh tubuh dan hanya saya diamkan saja kemudian pagi harinya bercermin ternyata kelihatan bertambah gagah perkasa, setiap saya tersenyum bibir kelihatan manis bahkan gigi maupun gusi juga kelihatan manis, bersih, putih mengkilat dan gusi kelihatan bulat menyenangkan/menawan hati 17
Saya semakin berahi, setiap pagi dan sore selalu bergosok gigi, bibir selalu dipolesi dengan pemerah bibir buatan Belanda, lama kelamaan kebagusan saya semakin bertambah sehingga para wanita banyak tergila-gila kepada saya. Bagaimana dengan hal ini sebab semua itu benar-benar terjadi pada diriku."

Wredha : "Ketahuilah ki sanak bahwa perbuatan semacam itu pada dasarnya juga sama seperti yang kamu ceritakan di atas tadi. Adapun letak perbedaannya yaitu alatnya dengan menggunakan air dari apoteker dan harganya agak mahal. Jika tidak keliru air tersebut bernama striknin yang mempunyai kekuatan seperti yang telah kamu ceritakan tadi, kalau dipoleskan pada daging akan mempunyai kekuatan dapat menyebabkan daging menjadi tidak rata rasanya nyeri seperti merayap merata ke seluruh tubuh.

Sedangkan caranya yaitu jari-jari sang guru yang digunakan untuk mendorong susuk tersebut sudah dibasahi dengan air strikin yang sudah disiapkan sebelumnya, di saku sang guru terdapat botol kecil. Selama membaca mantera-mantera guru tadi berpura-pura menggaruk-garuk kulit tetapi sebenarnya memasukkan jari ke dalam air ..... 18 strikin mestinya kamu juga tidak melihat sama sekali sebab diupayakan dengan sangat halus".

Mudha : "Jika demikian berarti alatnya dari apoteker".

Wredha : "Benar ki sanak".

Mudha : "Sungguh sial nasibku, padahal menurut perasaan saya susuk tersebut hingga sekarang masih memberikekuatan terhadap tubuh saya".

Wredha : "Hal itu memang wajar dan kamu berperasaan bagus karena kekuatan dari susuk sebab di samping hatinya sudah percaya, setiap hari selalu berhias diri. Tetapi seumpama kalian tidak berhias diri kemungkinan tidak ada kepercayaan terhadap kekuatan susuk."

Mudha : "Setelah saya resapi ternyata ada benarnya dan saya sudah percaya terhadap penjelasan Bapak tentang dua macam susuk tersebut di atas serta benar-benar merasa puas tetapi masih ada satu permasalahan lagi yang belum saya sampaikan yaitu susuk yang ditusukkan itu bagaimana cara menusukkannya sampai tidak terasa sakit. ..... 19 Padahal kami pernah memasang susuk dengan cara ditusukkan di lengan tepat di atas pergelangan tangan serta dibetis, sebetulnya memang terasa sakit namun setelah diberi mantera sudah tidak terasa sakit. Adapun susuk yang

di pasang pada betis berupa emas dan yang dipasang pada lengan berupa baja sepanjang jarum kecil. Padahal kalau tertusuk jarum secara wajar benar-benar terasa sakit namun setelah ditusukkan ternyata tidak terasa sakit. Maka masalah ini saya serahkan kepada Bapak dan mohon dijelaskan secara keseluruhan.

Wredha : ..Ki sanak, kalau hanya masalah memasukkan susuk pada tubuh seseorang saya sangat pandai, jangankan jarum kecil, jarum besarpun saya bisa memasangnya, namun bagi orang yang tidak terbiasa kemungkinan sementara waktu terasa sakit tetapi bagi yang sudah terbiasa menggunakan seperti saya ini sudah tidak terasa sakit sama sekali Sewaktu ki sanak memasangkan susuk kemarin itu belum ada 5 hari saja sudah lepas dan berpindah kemana-mana ..... 20 Benar atau tidak!".

Mudha : "Kenyataannya memang demikian bahkan baru tiga hari sudah keluar ujungnya tidak lama kemudian jatuh sendiri. Mengapa bisa terjadi begitu dan apa sebab-sebabnya, mohon dijelaskan."

Wredha : "Baiklah jika ki sanak menghendaki penjelasan maka perhatikan dengan baik. Ketahuilah bahwa kulit manusia itu sebenarnya terpisah dan berongga dengan daging. Asalkan sudah pandai menusukkan pasti tidak menemukan kesulitan yaitu kulit yang luar ditarik-tarik agar susuk tersebut dapat berjalan melalui geronggongan antara kulit dan daging pasti tidak terasa sakit, seumpama terasa sakit hanya sebentar yaitu sewaktu menusukkan tetapi kalau sudah masuk ke dalam dan mendapatkan jalan berongga takkan terasa sakit sedikitpun, lebih-lebih jika yang menarik agak keras, Tetapi perlu kamu ketahui

bahwa semua tadi hanya dapat berlangsung paling lama 5 hari sudah keluar, sebab jika tidak dapat hilang menyebabkan badan menjadi bengkak. Cobalah kamu pikir, apakah tidak membahayakan? Maka cerita saya ini hendaklah kalian sebarluaskan 21
kepada orang banyak agar mereka mengetahui bahwa perbuatan yang demikian itu bisa menyebabkankan sakit yang sangat membahayakan bahkan tidak memberikan manfaat sama sekali".

Mudha : "Saya sangat berterima kasih atas nasehat-nasehatnya dan ternyata sangat perlu disebarluaskan agar diketahui orang banyak dan selain menjadi penerangan/tuntunan hidup serta dapat menjadi gambaran bahwa selama saya berguru tentang ilmu kekebalan ternyata tidak dapat memberi manfaat bagi badan dan menjadikan peringatan terhadap diri saya".

Wredha : "Memang kelihatannya menggunakan mantera-mantera tetapi semua itu hanyalah tipuan belaka serta hanya untuk memantapkan keyakinan sebab orang Jawa itu jika mendengar mantera atau ilmu yang berbelit-belit sehingga memusingkan pikiran disangka mempunyai kekuatan. Jika diberi tahu tanpa menggunakan tirai/dinding atau apa mestinya menjadi kecewa dan merasa bukan pengetahuan yang pelik/penting. Benar-benar kasihan bagi orang-orang yang masih percaya terhadap ilmu kekebalan 22

Mudha : "Pada dasarnya memang kasihan sekali bahkan sayapun juga termasuk orang yang kasihan".

Wredha : "Zaman dulu saya juga percaya terhadap ilmu mantera-mantera yang memusingkan pikiran tadi namun semua itu disebabkan kurangnya penge-

tahuan yang saya miliki. Berhubung semua permasalahan sudah saya jelaskan maka jika ki sanak mempunyai permasalahan yang mungkin masih dikhawatirkan bisa juga diutarakan kepada saya"

Mudha : "Memang masih ada yaitu tentang ilmu kekuatan badan".

W edha : "Baiklah ki sanak, tetapi sebelum saya jelaskan lebih baik kamu ceritakan terlebih dahulu".

Mudha : "Sewaktu saya minum ramuan obat imbalan maupun tebusannya uang sebanyak 120 reyal, sedangkan perlengkapan sesajinya tidak berbeda dengan ketika memasang susuk. Sehabis minum ramuan obat tersebut selama tiga hari saya dianjurkan sang guru tidak diperbolehkan makan apa-apa kecuali makan ketan serta diperbolehkan makan daging tetapi harus ..... 23 disertai ketan sebagai lauknya.

Karena hati sangat tertarik terhadap ilmu tersebut maka walaupun perut terasa sakit dan terasa lapar sekali tetap saya laksanakan hingga tiga hari tiga malam. Pada saat itu pelaksanaannya di mulai hari Kamis malam. Adapun caranya yaitu saya disuruh tidur bertelungkup beralaskan tikar dilapis kain putih, sedangkan yang digosok terlebih dahulu adalah pada bagian tulang punggung dan ramuan obat tersebut dicampur dengan rempah-rempah seperti jenang berwarna ungu tetapi saya tidak mengerti jenang apa yang digunakan sebab dirahasiakan, digosokkan dengan cukup lama sehingga terasa panas. Setelah punggung kelihatan rata kemudian digosokkan ke seluruh ruas-ruas. Adapun sebelumnya telah dibacakan mantera-mantera dengan komat-kamit serta ditiupkan tiga kali dengan membakar ke-

menyan dan asapnya dimasukkan ke mulut sang guru kemudian dihembuskan pada tubuh yang hendak digosokan selama tujuh kali. Selesai penggosokan saya disuruh memakan ketan yang 24
